



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO ADMINISTRE PLIS PASE 7,5 MILYON DÒZ VAKSEN KONT COVID AN TOTAL NAN TOUT ETA NEW YORK

Yo administre 139,209 dòz nan tout Eta New York nan dènye 24 èdtan yo

Yo te administre plis pase 1 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

*Tablodbò Vaksen an pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogam
vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo te administre plis pase 7,5 milyon dòz vaksen kont COVID an total nan tout Eta New York. Yo te administre 139,209 dòz nan tout gwo rezo distribisyon New York la nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te administre plis pase 1 milyon dòz nan sèt dènye jou yo. Yo prevwa alokasyon semèn 14 la ki gen ladan 1,284,565 premye ak dezyèm dòz ap fin rive jodi a. Livrezon alokasyon semèn 15 la kòmanse nan mitan semèn lan.

"Kòm nou depase ankò yon lòt gwo etap avèk vaksinasyon yo nan lagè ki ankou kont COVID la, nou bezwen sonje ke nou toujou nan yon kous apye avèk pousantaj enfeksyon an ak lòt kritè enpòtan yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te atenn pwogrè remakab, men nou bezwen rete vijilan ak detèmine pandan ke nou ap ouvri plis sektè nan ekonomi an. Nenpòt ogmantasyon nan aktivite an pèsòn kapab genyen konsekans si nou pa fè sa byen. Annatandan, mwen ankouraje Nouyòkè ki pa ko pran vaksen an pou yo enskri pou yon randevou kouye a menm, epi pou yo retounen pou dezyèm randevou yo a jan sa nesesè."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib New York yo lajman depase kantite founiti ki soti nan gouvènman federal la. Piske founiti an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen komòbidite ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo kalifye:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinyasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinyasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 7,633,805

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 139,209

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,056,735

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 25.7%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 13.2%

Rejyon	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	318,495	6,338	157,375	2,421
Central New York	278,842	5,669	153,955	2,854
Finger Lakes	326,408	4,492	161,461	2,285
Long Island	592,787	12,908	322,538	6,192
Mid-Hudson	503,805	10,612	239,894	3,242
Mohawk Valley	139,136	3,279	74,570	1,179
New York City	2,301,134	37,117	1,189,923	30,058
North Country	153,662	1,137	87,940	968
Southern Tier	176,678	5,167	90,307	1,099
Western New York	341,219	5,674	176,171	1,517
Nan tout Eta a	5,132,166	92,393	2,654,134	51,815

Rejyon	Kantite Dòz yo Resevwa Ototal	Kantite Dòz yo Administre Ototal	% Total Dòz yo Administre/Resevwa
Capital Region	539,500	471,694	87.4%
Central New York	493,945	418,253	84.7%
Finger Lakes	556,695	480,184	86.3%
Long Island	1,039,855	896,401	86.2%
Mid-Hudson	853,335	723,327	84.8%

Mohawk Valley	245,685	211,232	86.0%
New York City	4,099,225	3,425,643	83.6%
North Country	269,860	240,461	89.1%
Southern Tier	304,130	261,333	85.9%
Western New York	568,740	505,277	88.8%
Nan tout Eta a	8,970,970	7,633,805	85.1%

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7	260,150	239,525	499,675	2,801,055

Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31				
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07	321,850	220,720	542,570	3,343,625
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14	618 880	526 415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21	699 790	584 775	1,284,565	8,970,970

Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)